दिन—मंगलवार दिनांक—04.02.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ कहलनि ज हुनक सरकार गरीब सभक कल्याणक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे सरकारक हरेक डेग कमजोर वर्गक लोक सभक कल्याण आ हित के ध्यान मे राखल जायत अछि। लोकसभा मे राष्ट्रति के अभिभाषण पर धन्यवाद प्रस्ताव पर चर्चा के बाद सरकारक दिस सँ उत्तर दैत श्री मोदी कहलनि जे आजादी के पच्चहत्तरि वर्षक बादो देश मे सोलह करोड़ सँ बेसी घर सभ मे नल के कनेक्शन नहि छल। प्रधानमंत्री कहलनि जे हुनक सरकार पांच साल मे बारह करोड़ परिवार सभक घर मे नल सँ जल देबाक काज कयलक अछि। ओ कहलनि जे हुनक सरकार शासन मे पारदर्शिता आनलक अछि जकर परिणाम स्वरूप करोड़ो टाका के बचत भेल अछि।

---

भारतीय रिजर्व बैंक जनौलक अछि जे पछिला मासक एकतीस तारीख धरि मात्र छओ हजार पांच सय सतहत्तरि करोड़ टाका मूल्यक दू हजार के बैंक नोट प्रचलन मे रहि गेल अछि। रिजर्व बैंकक दिस सँ जारी बयान मे स्पष्ट कयल गेल अछि जे मई दू हजार तेईस मे प्रचलन मे रहल कुल तीन लाख छप्पन हजार करोड़ टाका मूल्यक दू हजार टाका के नोट मे सँ अंठानवे दशमलव पंद्रह प्रतिशत नोट आपस अबि गेल अछि। रिजर्व बैंक लोक सभ सँ कहलक अछि जे ओ एखनहुं भारतीय डाक के माध्यम सँ आरबीआई के उनैस निर्गम कार्यालय सभ मे सँ कोनो पर सेहो दू हजार टाका के नोट जमा कऽ सकैत छथि अथवा बदलि सकैत छथि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना स्थित मुख्यमंत्री सचिवालय के संवाद सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे बिहार सरकारक विभिन्न विभाग सभ मे नवनियुक्त छओ हजार तीन सय एकतालीस कनीय अभियांता आ चारि सय छियानवे अनुदेशक सहित कुल छओ हजार आठ सय सैंतीस अभ्यर्थी लोकनि के नियुक्ति पत्र सौंपलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, सम्राट चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह। एम्हर

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा नियुक्ति पत्र वितरण कार्यक्रम मे पत्रकार लोकनि सँ वार्ता करैत कहलनि जे युवा लोकनि के नोकरी देब एनडीए सरकारक गारंटी अछि। श्री सिन्हा आरोप लगौलनि जे तेजस्वी यादव के कार्यकाल मे कोनो नव बहाली नहि भेल अछि।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह खान आ भूतत्व मंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ कहलनि जे राज्य मे खनन सँ राजस्व बढ़ायब आ अवैध कारोबार के रोकबाक लेल अन्वेषण विंग के गठन कयल गेल अछि। श्री सिन्हा आइ संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे हुनक विभाग वृहत खनन के दुर्लभ खनिज, विकल्प खोजबा पर सेहो काज कऽ रहल अछि। उप मुख्यमंत्री कहलनि जे अवैध खनन पर अंकुश के संग राजस्व आ रोजगार बढ़ायब हुनक सरकारक प्राथमिकता अछि।

———————————————————————

सरकार कहलक अछि जे प्रधानमंत्री इंटर्नशिप योजनाक अंतर्गत पूरा देश सँ नीक प्रतिक्रिया भेटि रहल अछि। राज्यसभा मे आइ पूरक प्रश्नक उत्तर दैत कॉपोरेट मामिलाक मंत्री निर्मला सीतारामन कहलनि जे एखन धरि देशक लगभग सात सय तैंतालीस जिला मे विभिन्न पद सभ पर इच्छुक युवा लोकनि के प्रशिक्षु के रूप मे नियुक्त कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे पायलट योजना के अंतर्गत शुरू सँ लऽकऽ एखन धरि कतेको भागीदार कंपनी एक लाख सत्ताईस हजार इंटर्नशिप के अवसर प्रदान कयलक अछि आ अठाईस हजार सँ बेसी लोक सभ ई प्रस्ताव स्वीकार कयलनि अछि आ वर्तमान मे इंटर्नशिप कऽ रहल छथि। ओ कहलनि जे एहि वर्ष जनवरी सँ शुरू भेल दोसर चरण मे अस्सी कंपनी विभिन्न क्षेत्र मे इंटर्नशिप के अवसर प्रदान कऽ रहल अछि।

———————————————————————

आइ विश्व कैंसर दिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि दिवसक उद्देश्य एहि रोगक प्रति जागरूकता आनब आ सरकारक सहयोग सँ कैंसर सँ होबऽबला लाखो मृत्यु के टारब अछि। वैश्विक मृत्यु दर मे कैंसर प्रमुख कारण अछि। आकड़ा के अनुसार हरेक छओ मे सँ एक व्यक्ति के मृत्यु कैंसर से होयत अछि आ लगभग हरेक घर एहि रोग सँ प्रभावित होयत अछि। ओतहि प्रदेश मे मुंह, गला, स्तन, सर्वाइकल आ गाल ब्लाडर कैंसर तेजी सँ बढैत जा रहल अछि। एहि मे लगभग बत्तीस प्रतिशत लोक तंबाकू सँ पीड़ित छथि। डॉक्टरक अनुसार गलत जीवन शैली, दूषित जल कैंसर के बढ़बाक पैघ कारण अछि। नव दिल्ली स्थित एम्स के ऑन्कोलॉजी विभागक प्रोफेसर डॉक्टर एम.डी.रे आकाशवाणी सँ विशेष वार्ता करैत कहलनि

जे कैंसर एक लाईलाज बीमारी अछि। ओ कहलनि जे लोक सभ के अपन स्वास्थ्यक नियमित रूप सँ जाँच करबैत रहबाक चाही आ कैंसर सँ बचाबक लेल सुरक्षात्मक डेग उठेबाक चाही। एम्हर विश्व कैंसर दिवस के अवसर पर प्रदेश भरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे बेसी ठामक तापमान मे लागातार वृद्धि भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार राज्यक न्यूनतम तापमान मे एक सँ दू डिग्री सेल्सियस के वृद्धि भेल अछि। ओतहि बेसी ठाम उच्चतम तापमान पच्चीस सँ तीस डिग्री सेल्सियस के मध्य दर्ज कयल गेल।

———————————————————————

दरभंगा आ पूर्णियां मे अनतराज्यीय बस अड्डा बनाओल जायत। मधेपुरा के सिंहेश्वर स्थान मंदिरक विकासक लेल नब्बे करोड़ टाका सँ बेसीक राशि खर्च कयल जायत। ई निर्णय नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे मंत्री मंडलक भेल बैसक मे लेल गेल।

———————————————————————

समाप्त